LEMBAR KERJA PESERTA DIDIK

LKPD

MEDHARSABDA

KELOMPOK :

NAMA :

PARAGA : ATUR SESULIH SISWA

KELAS :

LIVEWORKSHEETS

L K P D LEMBAR KERJA PESERTA DIDIK

AKTIVITAS 2

Rancangan Teks Sesorah Pengajian Kelas

Sumangga dipunserat ukara wonten ing kertu paragraf ing kolom sisih kiwa (miturut strukturipun)!	
Atur Sesulih Siswa	
Salam Pambuka	Assalammu'alaikum.wr.wb
Pambuka	Nuwun. Nugraha miwah sih wilasanipun Gusti ingkang Maha Agung mugi tumedhak tumanduk wonten ing jiwangga panjenengan sedaya lan kula.
Atur Pakurmatan	Ustaz/Ustazah ingkang minangka pandam pandoming seserepan. Bapak/Ibu Wali Kelas 11 PPLG 2 ingkang satuhu mahambeg darma. Bapak/Ibu pamangku gati nenggih kulawarga mbak ingkang kinurmatan. Para kadang kelas 11 PPLG 2 ingkang cinaket ing manah.
Muji Syukur	Minangka purwakaning atur sumangga panjenengan sedaya kula dherekaken ngaturaken pisungsun raos puji syukur konjuk wonten ngarsanipun Gusti ingkang Maha Welas Asih ingkang sampun paring kawilujengan, bagaskwarasan, dalah ombering wekdal satemah panjenengan lan kula saged pepanggihan wonten acara Pengajian Kelas 11 PPLG 2 ing dalemipun mbak Shalawat dalah salam mugi tansah lumintu lumintir dhumateng Priyagung Paneteg Panatagama, Khalaifatullah fil ard Rasulullah SAW.
Pangajeng-ajeng	Bapak/Ibu dalah para kadang ingkang minulya, Mugi keparenga kula minangka sulih sariranipun Ibu Wali Kelas dalah kanca-kanca kelas 11 PPLG 2 humarak sowan wonten ngarsanipun panjenengan sedaya.
Atur Panuwun	Sepisan kula ngaturaken panuwun ingkang tanpa upami awit sampun kaparengaken hangadani Pengajian Kelas 11 PPLG 2 ing dalemipun mbak dalah kulawarga ugi sampun karaya-raya nyamaptakaken pasugatan ingkang malimpah dalah papan panggenan ingkang

LIVEWORKSHEETS

L K P D LEMBAR KERJA PESERTA DIDIK

	sekeca. Mugi sedaya menika kacathet minangka amal kasaenan tumrap mbak dalah kulawarga.
Atur Pangapunten	Ingkang kaping kalih kula tansah nyuwun gunging samodra awit kula sakadang menika damel bot repoting mbak dalah kulawarga. Ugi kathah tindak-tanduk lan subasita ingkang kirang penggalih, kula sakadang saestu nyuwun agunging pangapunten.
WASANA BASA	
Panutup	Bapak/Ibu dalah para kadang, Mekaten ingkang saged kula aturaken.
Atur pangapunten	Kula saestu nglenggana kathah cicir ceweting atur dalah kiranging subasita myang tata krama kula tansah hanyadhong lumunturing sih samodra .
Salam Panutup	Nuwun. Wassalammu'alaikum.wr.wb

LIVEWORKSHEETS

LIVEWORKSHEETS